# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINDA ULIWMA ORTA BILIM BERIW
## 2020/2021- oqıw jılı basına



2020/2021- oqıw jılı basına Qaraqalpaqstan Respublikası jámi ulıwma bilim beriw mákemeleri sanı 733 ti quraǵan bolıp, olardan 508 i (69,3 %) awıllıq jerde, 225 i (30,7 %) qalalıq jerde jaylasqan. Qaraqalpaqstan Respublikası ulıwma bilim beriw mákemelerinde 354,0 mıń oqıwshılar bilim alıp atırǵan bolıp, olardan 49,1 % awıllıq jaylardaǵı ulıwma bilim beriw mákemelerinde, 50,9 % qalalıq jerdegi bilim beriw mákemelerinde bilim alıp atırǵan oqıwshılardı quraydı.





## Ulıwma bilim beriw mákemelerinde klass gruppaları boyınsha oqıwshılar sanı

*(2020/2021- oqıw jılı basına, mıń kisi )*




*Ulıwma bilim beriw mákemeleri balalarǵa bilim beretuǵın, hár tárepleme rawajlanıwı hám estetik tárbiyası menen shuǵıllanatuǵın shólkem bolıp tabıladı.*

*Ulıwma orta bilim beriw, baslanǵısh tálim (I-Iv klasslar), tayansh orta bilim beriw (v-IX klasslar) hám de orta bilim beriw (X-XI klasslar) basqıshlarınan ibarat bolıp, kúndizgi bilim formasında iskerlik júrgizedi.*



## Ulıwma orta bilim beriw mákemeleriniń rayonlar kesimida bólistiriliwi, birlik

|  | **Mákemeler sanı, birlik** | **Oqıwshılar sanı, birlik** | **Oqıtıwshılar sanı, birlik** |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikasi** | **733** | **353968** | **38616** |
| Nókis qalası | 58 | 61151 | 6489 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 87 | 38518 | 4267 |
| Beruniy | 72 | 37902 | 3434 |
| Bozataw | 15 | 3226 | 539 |
| Qaraózek | 33 | 8718 | 1323 |
| Kegeyli | 38 | 13063 | 1921 |
| Qońırat | 49 | 25331 | 2573 |
| Qanlıkól | 23 | 8510 | 1136 |
| Moynaq | 17 | 5245 | 755 |
| Nókis rayon | 31 | 10737 | 1485 |
| Taqıyatas | 22 | 12818 | 1259 |
| Taxtakópir | 23 | 7170 | 1020 |
| Tórtkúl | 67 | 40672 | 3076 |
| Xojeli | 44 | 22807 | 2430 |
| Shımbay | 48 | 20048 | 2570 |
| Shomanay | 33 | 7696 | 1214 |
| Ellikqala | 73 | 30356 | 3125 |

## **Ulıwma bilim beriw mákemeleri sanı, birlik**
*(oqıw jılı basına)*




**Qaraqalpaqstan Respulikasinda 2020/2021- oqıw jılı basına jámi ulıwma bilim beriw mákemeleri sanı 733 ti quradı hám 2016/2017- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 28 ge kóbeyip, 4,0 % ǵa asqan.**

## Ulıwma bilim beriw mákemeleri, oqıwshılar sanı, mıń kisi
*(oqıw jılı basına)*




2020/2021- oqıw jılı basına ulıwma bilim beriw mákemelerinde jámi 354, 0 mıń oqıwshı tálim alıp atırǵan bolıp, bul kórsetkish 2016/2017- oqıw jılı basında 83,1 mıńǵa (30,7 % ǵa), 2017/2018- oqıw jılı basında 59,3 mıńǵa (20,1 % ǵa), 2018/2019- oqıw jılı basında 27,5 mıńǵa (8,4 % ǵa), ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 8,8 mıńǵa (2,5 % ǵa) asqanlıǵı gúzetildi.

## **Ulıwma bilim beriw mákemeleri, oqıtıwshılar sanı, mıń kisi**
*(oqıw jılı basına)*




Ulıwma bilim beriw mákemelerinde oqıtıwshılar bul- oqıwshılarǵa tálim beriw hám kásiplik tárbiyası menen shuǵıllanatuǵın, orta arnawlı, joqarı yamasa arnawlı tayarlıqtan ótken shaxslar bolıp tabıladı.

2020/2021- oqıw jılı basına ulıwma bilim beriw mákemelerinde jámi 37,7 mıń oqıtıwshı (orındaslarsız) iskerlik aparıp atır hám 2016/2017- oqıw jılı basında 7,9 mıńǵa (26,5 % ǵa) asqanlıǵı gúzetildi.



## Ulıwma bilim beriw mákemeleriniń túrleri boyınsha bólistiriliwi, birlik




Qaraqalpaqstan Respublikasında ulıwma bilim beriw mákemeleri úsh túrge bólinedi: baslanǵısh, ulıwma orta hám basqalar esaplanadı. 2020/2021- oqıw jılı basına ulıwma bilim beriw mákemeleriniń 726 ulıwma orta bilim beriw mektepleri, 3 baslanǵısh mektepler hám 4 basqa mákemeler quramına kiredi. Ulıwma orta bilim beriw mákemelerinde jámi 352,8 mıń, baslanǵısh tálim mákemelerinde 0,2 mıń hám basqa mákemelerde 0,9 mıń oqıwshılar oqıp atır.



**Ulıwma bilim beriw mákemelerin rayonlar kesiminde bólistiriliwi, birlik**

*(2020/2021- oqıw jılı basına)*

|  | **Baslanǵısh** | **Ulıwma orta** | **Basqalar** |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **3** | **726** | **4** |
| Nókis qalası | - | 56 | 2 |
| rayonlar: | | | |
| Ámiwdárya | 3 | 84 | - |
| Beruniy | - | 72 | - |
| Bozataw | - | 15 | - |
| Qaraózek | - | 33 | - |
| Kegeyli | - | 38 | - |
| Qońırat | - | 49 | - |
| Qanlıkól | - | 23 | - |
| Moynaq | - | 17 | - |
| Nókis | - | 31 | - |
| Taqıyatas | - | 22 | - |
| Taxtakópir | - | 23 | - |
| Tórtkúl | - | 66 | 1 |
| Xojeli | - | 43 | 1 |
| Shımbay | - | 48 | - |
| Shomanay | - | 33 | - |
| Ellikqala | - | 73 | - |



# Ulıwma bilim beriw mákemelerinde klasslar boyınsha oqıwshılar sanı, mıń kisi [1)]

|  | Oqıwshı - lar sanı jámi | sonnan : | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1-klass | 2-klass | 3-klass | 4-klass | 5-klass | 6-klass | 7-klass | 8-klass | 9-klass | 10-klass | 11-klass |
| **Qaraqalpaqstan Respublikasi** | **353,0** | **36,9** | **35,6** | **34,0** | **35,6** | **36,4** | **35,4** | **33,1** | **29,0** | **27,5** | **25,1** | **24,4** |
| Nókis qalası | 60,7 | 6,4 | 6,1 | 6,0 | 6,3 | 6,3 | 5,7 | 5,4 | 5,0 | 4,7 | 4,7 | 3,9 |
| rayonlar: | | | | | | | | | | | | |
| Ámiwdárya | 38,5 | 3,6 | 3,6 | 3,3 | 3,4 | 3,8 | 4,0 | 4,1 | 3,5 | 3,3 | 3,0 | 3,0 |
| Beruniy | 37,9 | 3,8 | 3,9 | 3,9 | 3,9 | 3,7 | 3,7 | 3,8 | 3,2 | 2,9 | 2,6 | 2,6 |
| Bozataw | 3,2 | 0,4 | 0,3 | 0,3 | 0,3 | 0,3 | 0,3 | 0,3 | 0,3 | 0,3 | 0,2 | 0,2 |
| Qaraózek | 8,7 | 0,9 | 0,9 | 0,9 | 1,0 | 0,9 | 0,9 | 0,8 | 0,7 | 0,7 | 0,7 | 0,5 |
| Kegeyli | 13,1 | 1,4 | 1,4 | 1,3 | 1,3 | 1,3 | 1,3 | 1,2 | 1,1 | 0,9 | 1,1 | 0,9 |
| Qońırat | 25,3 | 2,7 | 2,6 | 2,5 | 2,7 | 2,6 | 2,3 | 2,2 | 2,0 | 2,1 | 1,7 | 1,9 |
| Qanlıkól | 8,5 | 1,0 | 0,8 | 0,8 | 0,9 | 1,0 | 0,8 | 0,8 | 0,7 | 0,6 | 0,4 | 0,6 |
| Moynaq | 5,2 | 0,6 | 0,5 | 0,5 | 0,6 | 0,6 | 0,5 | 0,5 | 0,4 | 0,4 | 0,3 | 0,4 |
| Nókis | 10,7 | 1,1 | 1,1 | 1,1 | 1,1 | 1,1 | 1,1 | 1,0 | 0,9 | 0,8 | 0,6 | 0,6 |
| Taqıyatas | 12,8 | 1,3 | 1,3 | 1,4 | 1,4 | 1,3 | 1,2 | 1,2 | 1,1 | 1,0 | 0,8 | 0,9 |
| Taxtakópir | 7,2 | 0,7 | 0,8 | 0,8 | 0,7 | 0,7 | 0,7 | 0,6 | 0,5 | 0,5 | 0,6 | 0,5 |
| Tórtkúl | 40,5 | 4,4 | 3,9 | 3,7 | 3,6 | 4,5 | 4,6 | 3,9 | 3,4 | 3,1 | 2,6 | 2,9 |
| Xojeli | 22,5 | 2,4 | 2,2 | 2,3 | 2,4 | 2,4 | 2,2 | 2,2 | 1,7 | 1,9 | 1,5 | 1,4 |
| Shımbay | 20,1 | 2,0 | 2,1 | 1,9 | 2,1 | 2,2 | 2,0 | 1,8 | 1,6 | 1,6 | 1,5 | 1,2 |
| Shomanay | 7,7 | 0,9 | 0,9 | 0,7 | 0,8 | 0,8 | 0,7 | 0,7 | 0,6 | 0,6 | 0,5 | 0,5 |
| Ellikqala | 30,4 | 3,4 | 3,1 | 2,9 | 3,1 | 2,9 | 3,2 | 2,6 | 2,3 | 2,1 | 2,3 | 2,4 |



2020/2021- oqıw jılı basına ulıwma bilim beriw mákemeleriniń birinshi klasqa qabıl etilgen oqıwshıları sanı boyınsha eń joqarı kórsetkish Nókis qalası, Tórtkúl hám Beruniy rayonlarında belgilengen bolsa, eń kem kórsetkish Bozataw hám Taxtakópir rayonlarında gúzetildi.

1) *Fizikalıq yamasa psixik rawajlanıwda nuqsanı bolǵan balalar mektеplerisiz*

## Ulıwma bilim beriw mákemeleri shınıǵıwlarınıń smenalilíǵı[2)]




2020/2021- oqıw jılı basına (fizikalıq yamasa psixik rawajlanıwda nuqsanı bolǵan balalar ushın mekteplerdi esapqa almaǵan halda ) barlıq bilim beriw mákemelerinde, bir smenada bilim alıp baratınlar 138 (18,9 %), eki smenada 588 (80,7 %), úsh smenada 3 (0,4 %) dı quradı. Aytıp ótken sıyaqlı, bir smenada 206,5 mıń kisi, (58,5 %) eki smenada 145,6 mıń kisi, (41,3 %), úsh smenada 0,9 mıń kisi (0,2 %) oqıtılıp atır.

*2) Fizikalıq yamasa psixik rawajlanıwda nuqsanı bolǵan balalar mekteplerisiz*



## Ulıwma bilim beriw mákemelerinde oqıtıwshılardıń maǵlıwmatı boyınsha bólistiriliwi, % da




2020/2021- oqıw jılı basına jámi oqıtıwshılar sanı 37,7 mıńdı quraǵan bolıp, olardan 53,4 % awıl mekteplerinde, 46,6 % qala mekteplerinde iskerlik júrgizip kelip atır. Qaraqalpaqstan Respublikasında bir oqıtıwshıǵa ortasha 9 oqıwshıdan tuwrı keledi.



## Oqıtıwshılardı mağlıwmatı boyınsha rayonlar kesiminde bólistirilwi[3)]



| Joqarı mağlıwmatlı oqıtıwshılardıń jámi oqıtıwshılar sanındağı úlesi, % da | | Orta arnawlı mağlıwmatlı oqıtıwshılardıń jámi oqıtıwshılar sanındağı úlesi, % da |
|---|---|---|
| 98,1 | Nókis qalası | 1,9 |
| 91,0 | Ámiwdárya | 9,0 |
| 85,8 | Beruniy | 14,2 |
| 87,2 | Bozataw | 12,8 |
| 92,9 | Qaraózek | 7,1 |
| 89,2 | Kegeyli | 10,8 |
| 90,3 | Qońırat | 9,7 |
| 95,1 | Qanlıkól | 4,9 |
| 89,3 | Moynaq | 10,7 |
| 94,2 | Nókis | 5,8 |
| 90,4 | Taqıyatas | 9,6 |
| 93,9 | Taxtakópir | 6,1 |
| 84,6 | Tórtkúl | 15,4 |
| 92,0 | Xojeli | 8,0 |
| 89,3 | Shımbay | 10,7 |
| 93,5 | Shomanay | 6,5 |
| 85,1 | Ellikqala | 14,9 |

3) *orındaslarsız*



## Ulıwma bilim beriw mákemelerinde shınıǵıwlardiń smenalıǵı rayonlar kesiminde, birlik

| | Bir smenada | Eki smenada | Úsh smenada |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **138** | **588** | **3** |
| Nókis qalası | 5 | 48 | 3 |
| rayonlar: | | | |
| Ámiwdárya | 15 | 72 | - |
| Beruniy | 17 | 55 | - |
| Bozataw | 7 | 8 | - |
| Qaraózek | 6 | 27 | - |
| Kegeyli | 7 | 31 | - |
| Qońırat | 4 | 45 | - |
| Qanlıkól | 16 | 7 | - |
| Moynaq | 1 | 16 | - |
| Nókis | 10 | 21 | - |
| Taqıyatas | 2 | 20 | - |
| Taxtakópir | 1 | 22 | - |
| Tórtkúl | 11 | 55 | - |
| Xojeli | 16 | 27 | - |
| Shımbay | 6 | 42 | - |
| Shomanay | 9 | 24 | - |
| Ellikqala | 5 | 68 | - |

## Ulıwma bilim beriw mákemelerinde bir oqıtıwshıǵa tuwrı keletuǵın oqıwshılar sanı, birlikte




Rayonlar kesiminde eń joqarı kórsetkish Tórtkúl rayonında belgilengen bolıp, ol jaǵdayda bir oqıtıwshıǵa ortasha 13 oqıwshıdan tuwrı kelgen bolsa, Bozataw hám Shomanay rayonlarında bolsa eń tómen kórsetkish yaǵnıy bir oqıtıwshıǵa ortasha 6 oqıwshıdan tuwrı kelgen.





## Ulıwma bilim beriw mákemelerinde pitkeriwshilerdiń rayonlar kesiminde bolistiriliwi, mıń kisi




2020- jılda Qaraqalpaqstan Respublikasında ulıwma bilim beriw mákemelerinde 11-klass 25,2 mıń oqıwshı tamamlaǵan bolıp, rayonlar boyınsha eń joqarı kórsetkish Nókis qalasında (3,9 mıń oqıwshı) tuwrı kelgen, eń tómen kórsetkish bolsa Bozataw rayonında (yaǵnıy 0,2 mıń oqıwshı ) tuwrı keldi. Ulıwma bilim beriw mákemelerinde 9-klass 27,3 mıń oqıwshı tamamlaǵan. Eń joqarı kórsetkish Nókis qalasında (4,7 mıń oqıwshı) hám Ámiwdárya rayonında (3,0 mıń oqıwshı) tuwrı kelgen, eń tómen kórsetkish Bozataw (0,3 mıń oqıwshı) hám Moynaq rayonında (0,4 mıń oqıwshı) dan tuwrı keldi.

## Ulıwma bilim beriw mákemeleri hám olardağı oqıwshılardı oqıtılatuğın tiller boyınsha bólistiriliwi, mektepler sanı, birlik

*(fizikalıq yamasa psixik rawajlanıwda nuqsanı bolǵan balalar ushın mekteplersiz)*



375

qaraqalpaq



348

ózbek



165

qazaq



78

rus



42

túrkmen



## **Ulıwma bilim beriw mákemeleri hám olardağı oqıwshılardı oqıtılatuğın tiller boyınsha bólistiriliwi,**
*(oqıwshılar sanı, mıń kisi)*






*(fizikalıq yamasa psixik rawajlanıwda nuqsanı bolǵan balalar ushın mekteplersiz)*

Ulıwma orta bilim beriw sistemasında túrli bes tilde bilim alıw múmkinshilikleri usınıs etiledi: qaraqalpaq, ózbek, qazaq, rus hám túrkmen tillerinde jáne bul túrli xalıq gruppaların bilim alıw múmkinshiligi menen támiyinleydi. 2020/2021- oqıw jılı basına qaraqalpaq tilinde bilim beretuǵın ulıwma bilim beriw mákemeleri 733 ti quraǵan bolıp, olardan 236 bilim beriwdi tek qaraqalpaq tilinde júrgizedi.

## Ulıwma bilim beriw mákemeleri oqıwshılarınıń jinsi boyınsha bólistiriliwi, % da

*(2020/2021- oqıw jılı basına)*




2020/2021- oqıw jılı basına, Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jámi ulıwma bilim beriw mákemelerinde 353,0 mıń oqıwshılar (fizikalıq yamasa psixik rawajlanıwda nuqsanı bolǵan balalar ushın mektepler hám klass oqıwshılarsız) tálim alıp atırǵan bolıp, olardan 180,2 mıńı (51,1 %) ul balalar, 172,8 mıńı (48,9 %) qız balalardı quraydı.



## **Ulıwma bilim beriw mákemelerinde ortasha bir klassta tálim alıp atırǵan oqıwshılar sanı**

*(2020/2021- oqıw jılı basına, kisi)*




Qaraqalpaqstan Respublikasında ulıwma bilim beriw mákemelerinde oqıwshılar qamrawı keńeyip atır. 2020/2021- oqıw jılı basına Qaraqalpaqstan Respublikası ulıwma bilim beriw mákemelerinde bir klasqa ortasha 22 oqıwshıdan tuwrı keledi. Eń joqarı kórsetlkish Nókis qalası hám Tórtkúl rayonında bolıp 25 oqıwshıdan, eń tómen kórsetkish Bozataw rayonında 15, Shomanay rayonında 17 oqıwshıdan tuwrı keledi.

# Statistikalıq kórsetkishlerge túsindirme

**Ulıwma bilim beriw mákemeleri** - balalarǵa tálim beretuǵın, hár tárepleme rawajlanıwı hám estetik tárbiyası menen shuǵıllanatuǵın mákemeler. **Ulıwma bilim beriw shólkemi** úzliksiz tálim sistemasınıń tiykarǵı buwını esaplanadı hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń barlıq puqaralarına mámleket ulıwma bilim beriwi ulgileri sheńberinde biypul ulıwma tálim alıwdıń kepillik berilgen huqıqı hám múmkinshiligin beredi.

**Ulıwma bilim beriw shólkeminiń tiykarǵı maqseti** - oqıwshılardı hár tárepleme rawajlanǵan, mádeniyatlı shaxs retinde qáliplestiriw, sonıń menen birge, jámiyette ózleriniń ǵárezsiz ornın tabıw, sanalı túrde tálim hám kásipler boyınsha programmalardı tańlaw, olardı ózlestiriw ushın tiykar jaratıw, jámiyet, shańaraq hám mámleket aldında óz juwapkershiliklerin sezim ete alatuǵın shaxslardı tárbiyalawdan ibarat esaplanadi.

**Ulıwma bilim beriw mákemeleri oqıwshılarına** - ulıwma bilim beriw mákemeleriniń baslanǵısh hám ulıwma orta bilim beriw basqıshlarında oqıtıp atırǵan shaxslar hámde fizikalıq yamasa psixik rawajlanıwda nuqsanı bolǵan balalar ushın mekteplerdiń oqıwshıları kiritiledi.

**Ulıwma bilim beriw mákemeleri pitkeriwshilerine** - ulıwma bilim beriw mákemelerinde oqıwdı tolıq pitkergen hám orta maǵlıwmat ushın guwalıq alǵan shaxslar sanı kiritiledi.

**Oqıtıwshılar sanı** - oqıwshılarǵa bilim beriw hám kásiplik tárbiyası menen shuǵıllanatuǵın, orta arnawlı, joqarı yamasa arnawlı tayarlıqtan ótken shaxslar sanı.

**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Sociyallıq taraw statistikası bólimi**
**tel.: (61) 222-79-83**